

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku opat sub-bab, nya éta *desain* panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, jeung léngkah-léngkah panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh kagolong kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangu lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtikna ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkem maksudna (Moleong, dina Arikunto, 2010, kc.22)

Istilah métode asalna tina kecap *methods* (basa Latén), nu hartina tarékah, stratégi, atawa *siasat* maham *realitas* (kanyataan) dumasar léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkuluan runtulan sabab-akibat (*kausalitas*). Fungsi métode nya éta pikeun ngungkuluan pasualan dina hiji panalungtikan (Ratna, 2012, kc.34). Dina enas-enasna mah, métode téh minangka léngkah ngahontal hiji udagan pikeun nyangking kagemblengan hasil dina panalungtikan. Ku lantaran kitu, unggal panalungtikan salawasna baris merlukeun métode anu luyu jeung udagan nu hayang dihontal.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif-analitik. Métode déskriptif-analitik nya éta métode nu ngagambarkeun tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta nu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2012, kc.53).


Nilik kana éta hal, métode déskriptif-analitik dipilih lantaran novel mangrupa hasil rékaan pangarang anu ngagambarkeun kondisi masarakat, sarta sosiologi sastra anu mangrupa pamarekan karya sastra nu maluruh gambaran eusi novel jeung gambaran masarakat pangarangna. Anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan aspék sosiologi pangarang nu ngawengku (a) kasang tukang tempat gumelar pangarang; (b) riwayat atikan pangarang; (c) profési pangarang; (d) kalungguhan jeung patalimargana pangarang di lingkungan

sosialna; jeung (e) pangalaman émpirik tur puitik pangarang dina kahirupanana nu ngajanggélék dina novel *Sabalakana* karya Dadan Sutisna.

Métode déskriptif-analitik dina ieu panalungtikan ngaliwatan tilu léngkah garapan, nya éta (1) nangtukeun tatapakan téoritis; (2) néangan sumber-sumber fakta, boh lisan boh tulisan, pikeun ngarojong panalungtikan; jeung (3) nganalisis objék panalungtikan, dumasar kana sumber-sumber faktana.

Dina maké ieu métode utamana dina ngumpulkeun data, disaluyukeun jeung waktu sarta kamampuh. Saterusna éta data anu geus kakumpul disusun jadi hiji runtusan anu gembleng tuluy dianalisis. Ari pikeun nyusun, nalaah, jeung medar sumber data nepi ka nganalisis data, ieu panalungtikan mikabutuh *desain* anu puguh jeung ngéntép-seureuh. *Desain* panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti tatahar anu ngawengku ngaidéntifikasi masalah jeung ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data nu ngawengku talaah pustaka, idéntifikasi jeung wawancara, tuluy ngolah data tina data anu geus disadiakeun sarta dianalisis, sanggeus dianalisis éta data téh dipidangkeun, nu pamungkas nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Galur ieu panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.1 ***Desain Panalungtikan***




3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta sagemblengna eusi carita nu aya dina novel *Sabalakana*. Arikunto (2010, kc.172) nyebutkeun yén sumber data panalungtikan nya éta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengu tilu rupa nya éta jalma (*person*), tempat (*place*) jeung kertas atawa dokumén (*paper*).

- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét.
- 2) Tempat (*place*) nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeng gerak mangrupa objék pikeun métode observasi.
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*) nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Saupama nilik kana pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta jeung data tina kertas atawa dokumén (*paper*). Kertas atawa dokumén (*paper*) nu digunakeun nya éta novel *Sabalakana* karangan Dadan Sutisna sarta dideudeulan ku buku-buku lianna anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

3.2.1 Identitas Buku Novel Sabalakana



Gambar 3.2 Cover Novel *Sabalakana*

Sabalakana mangrupa novel déwasa munggaran Dadan Sutisna. Saméméhna Dadan geus medalkeun buku carita barudak *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* (2001), *Misteri Haur Geulis* (2003), jeung *Rasiah Kodeu Binér* (2010), nu éta tilu buku téh kasingrahan Hadiah Sastra Rancagé.

Sabalakana medal Taun 2013, kalawan pamedal PT Dunia Pustaka Jaya (Jl. Gumuruh No. 51, Bandung 40275). Kandelna 344 kaca, kaasup keterangan istilah tur ngawengku 19 bab. Nu matak ngirut, lain baé istilah sistem kamasarakanan désa nu dihadirkeun dina ieu novel, tapi ogé istilah kasab tatanén (tani bako), ngurus ingon-ingon, jeung naon rupa nu aya patalina jeung kahirupan urang lembur.

Pidangan jilidna kaitung ngirut. Dipasieup ku gambar ngeunaan ilustrasi—wangun lanskap—tangtungan wanoja nyanghareupan hiji makam, di antara linduh tatangkalan mangsa panonpoé surup ka buritnakeun, beunang pangarangna sorangan.

Sakumaha kailaharan novel Sunda, nu saméméh dibukukeun téh sok dimuatkeun heula dina kalawarta Sunda, *Sabalakana* mah tacan kungsi dipidangkeun heula, tapi langsung ngawujud jadi buku. Saupama digolongkeun kana téma jeung eusi masalah nu dicaritakeunana, novel *Sabalakana* kaasup kana novel sosial.

3.2.2 Ringkesan Carita Novel Sabalakana

Novel *Sabalakana* mawa kasang tukang sosial pilemburan. Gambaran tina kamarudahan masarakat kana kahirupana sosial jeung budaya nagara Indonesia nu keur pajujeut, dihadirkeun ngaliwatan leunjeuran carita jeung konflik parapalakuna. Kalawan kaparigelan pangarangna, pilemburan minangka kasang *mikrokosmos* tempat lumangsungna kahirupan tur disawang tina pikiran urang lembur, minangka antitésis tina kasang *makrokosmos* nya éta kahirupan hiji nagara.

Nu nerekab *Sabalakana* téh mangrupa wabah kajujuran atawa sabalakana. Jadi, unggal palaku nu kasawat éta panyakit, bakal aléwoh balaka ngeunaan rupaning dosa nu salila ieu dikemu, boh nu geus lawas karandapan boh nu kakarak dilakukeun.

Dimimitian ku tokoh ‘Rastiti’ nu maot di kamar mandi lantaran aya nu némbak dina malem panganténan. Sanggeus kitu, teu pupuguh nu maténina (‘Asép Jitu’) ngaku tur serang bongkokak ka Pulisi. Nu ngageunjleungkeun téh lain rajapatina, tapi kaahéngan saenggeusna nya éta di Désa Cikawening.

Sawatara jalma katarajang robah paripolah: reporter awéwé nyaritakeun lampah nirca dina siaran langsung télévisi, nu maéhan Rastiti ujug-ujug nyérénkeun diri, awéwé démplon ngaku saré jeung salaki awéwé bayuhuyuh, budak bangor nyarita yén manéhna nu nyababkeun indungna maot, hiji lalaki ngaku jadi bagong nyegik, jeung puluhan kajadian séjénna nu matak haréngéng. Riributan di mana mendi, puluhan jalma nu dianggap ngaliarkeun panyéréwédan tuluy dikerem jadi interniran. Di hiji désa kakurung keueung, sakur jalma sieun katépaan, nu hanaang kakawasaan, cinta nu kembra, asih nu ketir, mitos jeung kahayang nu neuteuli, pagaliwota dina kahirupan masarakat nu dianggap gering: betusna sakur rasiah.

Pamustunganana, sakabéh nu katarajang éta wabah (kaum *Balakasontang* kitu disebutna), kalawan jujur nyaritakeun sakur rusiah kagoréngan mangsa lawas. Antukna, pikeun jalma nu narimana réa nu teu panuju. Ger baé riributan, minangka réspon tina kateupuanjuananana. Sangkan wabah teu mahabu, kaum *Balakasontang* dipencilkeun jadi interniran di tempat husus (*Balé Sagala*).

Muncul konflik nu manjang. Masarakat nu teu katarajang éta wabah silihcuriga nu nujul kana bengkah paséa, sabab, sing saha baé nu ngucapkeun kecap ‘sabalakana’, dianggap geus kakeunaan éta wabah. Laju, kaum *Balakasontang* baruntak, katambah di jero *Balé Sagala* réa nu kabaruang, kalaparan, kapapaténan, jeung aya nu nepi ka brolna ngajuru kalawan prihatin tur matak ngageuri.

Dina ieu carita, tokohna kaitung réa tur boga watek nu mandiri, nu kalawan kaparigelan jeung gaya nyarita nu has ti pangarangna, lalakon mingkin pogot. Tapi, nu jadi puseur carita nya éta datang tilu tokoh: ‘Santana’ (calon pangantén ‘Rastiti’, laju nikah ka ‘Gayatri’, adi ‘Rastiti’), ‘Lebé Unang’ atawa sok disebut ‘Unang Kédi’ (sobat ‘Santana’), jeung ‘Gayatri’ (nu kungsi nyidem kaasih ka ‘Lebé Unang’).

Tokoh-pertokoh dipesék kalawan apik. Disusul ku konflik séjenna minangka bungbu carita. Kitu ogé konflik kasarakahan ‘Olot Dayat’ nu hayang jadi Kuwu, nu jadi bibit buit sakabéhna, nepi ka téga maéhan guruna sorangan (“Aki Médi”), jadi ‘konci’ tutugna ieu carita. Najan dina pamustunganana ‘Olot Dayat’ paéh alatan padangarewéng monyét di leuweung.

Ahirna, kalawan kasadaran ti balaréa, kaum Balakasontang padangahampura jeung silihdihamura. Kalawan pungkasan nu maneuh, pangarang méré kalaluasaan imajinasi ka pamaca pikeun nyindekkeun caritana; wabah sabalakana pindah ka kota.

3.3 Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data aya sababara hal anu digunakeun nya éta téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka, wawancara, jeung dokuméntasi

1) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka digunakeun waktu ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber tiori nu ngarojong kana panalungtikan. Luyu jeung Kusumah (dina Jamilah, 2015, kc. 59) yén téhnik studi pustaka mangrupa téhnik

ngumpulkeun data nu mangrupa sumber tinulis pikeun néangan tur nangtukeun tatapakan tioritis anu aya patalina jeung objék panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nya éta novel *Sabalaka*.

2) Téhnik Wawancara

Wawancara (*interview*) mangrupa cara anu dipaké pikeun nyangking data ku cara paadu teuteup sarta ngayakeun tanya jawab, boh antara individu jeung individu, boh individu jeung kelompok Ratna (2010, kc. 222). Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik wawancara nya éta wawancara terbuka langsung ka pangarang novel *Sabalakana*, Dadan Sutisna. Téhnik wawancara dipaké dina nyalusur kahirupan Dadan Sutisna, pikeun ngadeudeulan data panalungtikan.

3) Téhnik Dokuméntasi

Dokuméntasi mangrupa catetan peristiwa anu geus karandapan Sugiyono (2013, kc. 240). Dokuméntasi bisa mangrupa dokumén tinulis, gambar, vidéo jeung karya-karya monuméntal. Dokuméntasi dina ieu panalungtikan mangrupa bukti yén panalungtik ngalaksanakeun wawancara ka pangarang. Hasilna mangrupa rékaman jeung foto pikeun pangdeudeul data sangkan diolah kalawan jéntré.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus dikumpulkeun ngaliwatan sababarah téhnik, laju diolah pikeun dianalisis tur diinterpretasi.

3.3.2.1 Analisis

Analisis mangrupa tarékah anu dilakukeun pikeun ngaorganisasikeun data, milah-milah data jadi hiji hal nu bisa dikokolakeun, disisténsikeun, ditéangan sarta mangg ihan hal-hal anu penting nu bisa diajarkeun tur dicaritakeun ka jalma séjén Bogdan jeung Biklen (dina Moleong, 2007, kc. 248).

Kalayan ngagunakeun téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur, data nu geus kakumpul dina ieu panalungtikan tuluy dianalisis ngaliwatan sababaraha tahapan, nya éta diantarana ieu di handap.

- 1) Maca jeung nganalisis novel *Sabalakana* pikeun ditéangan fakta caritana.

- 2) Niténan data biografis nu geus dikumpulkeun.
- 3) Milah-milah data biografis nu nuduhkeun galuring hirup pangarang, kalungguhan sosial pangarang, pangalaman nulis pangarang, prosés kreatif pangarang dina nulis novel *Sabalakana*, sawangan pangarang kana dunya sastra Sunda kiwari
- 4) Ngadéskripsiéun data biografis nu mangrupa galuring hirup pangarang, kalungguhan sosial pangarang, pangalaman nulis pangarang, prosés kreatif pangarang dina nulis novel *Sabalakana*, sawangan pangarang kana dunya sastra Sunda kiwari, jeung pangaruhna kana novel *Sabalakana*
- 5) Nyieun kacindekan tina hasil data nu dipaluruh.

3.3.1.3 Interpretasi

Sanggeus data dianalisis jeung didéskripsiéun, tuluy data diinterpretasi. Ieu interpretasi dipaké waktu ngagambarkeun pangaruh biografis pangarang kana novel *Sabalakana*. Salian ti éta ogé pikeun ngajén novel nu keur ditalungtik.

3.3.2 Instrumen Panalungtikan

Arikunto (2013, kc. 203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa pakakas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana jadi leuwih babari sarta hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep jeung sistematis nepi ka leuwih babari dikokolakeunana. Ari instrumén nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta lembaran céklis, kartu data, pedoman wawancara, alat rékam, jeung kaméra. Lian ti ngumpulkeun data, dina ngolah data gé ngagunakeun instrumén panalungtikan nya éta kartu data. Kartu data dipaké pikeun ngagampangkeun panalungtik dina prosés nganalisis struktur novel *Sabalakana*.

1) Lembaran Céklis

Lembaran ceklis mangrupa instrumén nu digunakeun pikeun téhnik studi pustaka, tegesna pikeun néangan buku-buku tiori anu patali jeung panalungtikan.

No.	Judul buku	Keterangan	
		Sastr	Basa

2) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara nya éta pedoman nu dipaké pikeun nungtu panalungtik dina ngawawancara narasumber sangkan lumangsung kalawan lancar. Pedoman wawancara nu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa sajumlahing patalékan, saperti ieu di handap.

1.	Galuring hirup Dadan Sutisna	9 patalékan
2.	Kalungguhan sosial Dadan Sutisna	3 patalékan
3.	Pangalaman nulis	9 patalékan
4.	Prosés Kreatif nulis novel <i>Sabalakana</i>	7 patalékan
5.	Sawangan Dadan Sutisna kana dunya sastra Sunda kiwari	3 patalékan


3) Alat Rékam & Kaméra

Alat rékam jeung kaméra dipaké pikeun ngarékam jeung ngadokuméntasikeun lumangsungna kagiatan wawancara dina prosés ngumpulkeun data, nya éta ngawawancara Dadan Sutisna salaku pangarang novel *Sabalakana*. Ieu hal dilaksanakeun sangkan data anu dicangking téh akurat sarta mangrupa bukti data panalungtikan.


4) Kartu Data

Kartu data mangrupa instrumén nu dipaké pikeun ngolah data. Data nu geus kakumpul tuluy dipindahkeun pikeun dianalisis. Di handap ieu mangrupa gambaran kartu data nu digunakeun.

a. Kartu Data Struktural



b. Kartu Data Interpretasi



3.4 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 235) sacara gurat badag, léngkah-léngkah nu dilakukeun dina panalungtikan pikeun nganalisis data ngawengku tilu hal, nya éta tatahar, tabulasi, jeung dipakéna data saluyu jeung pamarekan panalungtikan.

1) Tatahar

Tatahar mangrupa kagiatan pikeun milah-milah data hasil panalungtikan anu tuluy misahkeun data nu kapaké sangkan dina ngolah jeung nganalisis datana rapih tur gemet. Nu kaasup kana kagiatan tatahar nya éta:

- (1) mariksa ngaran jeung kalengkepan narasumber, ieu hal patali jeung validitas data;

- (2) mariksa kalengkepan data, maksudna mariksa ngeusian instrumen dina ngumpulkeun data, sangkan nalika data aya anu kurang bisa buru-buru ditambah; jeung
- (3) mariksa rupa-rupa data anu kakumpul, maksudna bisi aya data anu teu luyu jeung kahayang panalungtik.

2) Tabulasi

Tabulasi nya éta prosés ngahijikeun data anu kapanggih dina prosés panalungtikan. Kagiatan dina tabulasi diantarana nya éta:

- (1) ngumpulkeun kabéh data anu kapanggih dina hasil studi pustaka jeung wawancarai;
- (2) masing-masingkeun data dumasar gundukanana; jeung
- (3) ngaluyukeun data jeung téhnik analisis anu rék dipaké;

3) Dipakéna data saluyu jeung pamarekan panalungtikan

Data-data hasil panalungtikan anu geus ditabulasikeun tuluy diolah ngagunakeun pamarekan anu saluyu jeung éta panalungtikan, dina ieu panalungtikan data diolah dumasar kana pamarekan sosiologi sastra. Anu dipaluruhna ngeunaan sosiologi pangarang, ngawengku: 1) galuring hirup pangarang novel *Sabalakana*; 2) kalungguhan sosial pangarang novel *Sabalakana*; 3) pangalaman nulis pangarang novel *Sabalakana*; 4) prosés kreatif pangarang dina nulis novel *Sabalakana*; jeung 5) sawangan pangarang novel *Sabalakana* kana dunya sastra Sunda kiwari.